

BAB III

METODE PANALUNGTIKAN

3.1 Metode jeung Tehnik Panalungtikan

3.1.1 Metode Panalungtikan

Métode mangrupa salasahiji cara anu digunakeun pikeun ngahontal tujuan panalungtikan. Cara anu digunakeun dumasar kana tinimbangan anu nalungtik sabada nyawang tujuan jeung obyék anu rék ditalungtik.

Pikeun ngahontal tujuan, dina ieu panalungtikan rék digunakeun métode ékspérimén, nya éta métode anu ditujukeun pikeun nalungtik hubungan sebab akibat ku cara ngamanipulasi hiji atawa sababaraha variabel dina hiji kelompok ékspériméntal, sarta ngabandingkeun hasilna jeung kelompok kontrol anu henteu dimanipulasi.

Manipulasi dina ieu panalungtikan nya éta ngarobah sacara sistematis sipat-sipat (nilai-nilai) variabel bébas. Sabada ngalaman dimanipulasi, variabel bébas éta biasana disebut garapan (treatment).

Sacara singkat, ékspérimén ditandaan ku tilu hal:

- 1) Manipulasi nya éta ngarobah sacara sistematis kaayaan nu tangtu.
- 2) Observasi nya éta nitenan jeung ngukur hasil manipulasi.
- 3) Kontrol nya éta ngondisikeun panalungtikan nalika lumangsungna manipulasi. Kontrol mangrupa konci panalungtikan ékspériméntal. Sabab tanpa kontrol, manipulasi jeung observasi bakal ngahasilkeun data anu confounding (ngaragukeun).

3.1.2 Téhnik Panalungtikan

Téhnik panalungtikan mangrupa salahiji usaha kumaha cara anu kudu dilakonan, kalawan maké metode nu tangtu sangkan tujuan anu dipiharep bisa kahontal. Téhnik nu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta téhnik ngumpulkeun data (nu ngawengku observasi jeung tés), jeung téhnik ngolah data.

3.1.3 Populasi jeung Sampel

3.1.3.1 Populasi

Populasi mangrupa sagemblengan sumber data anu mangrupa individu-individu atawa mangrupa barang anu jadi obyék panalungtikan. Sakumaha nurutkeun Arikunto, “populasi adalah keseluruhan subyék yang akan diteliti”.

(Arikunto, 1989:157)

Dina ieu panalungtikan, anu jadi populasi téh nya éta sakabéh siswa Kelas XI SMA PASUNDAN 3 Bandung, Taun Ajaran 2007 / 2008.

3.1.3.2 Sampel

Sampel anu digunakeun dina ieu panalungtikan téh nya éta siswa kelas IPA 2 jeung Kelas IPA 3 anu jumlah masing-masing kelasna 45 urang. Kelas ieu dipilih téh lantaran jumlah siswana teu béda jeung kelas séjénna sarta kelas IPA mangrupa kelas unggulan.

3.1.4 Instrumén Panalungtikan

a. Kriteria Ngajén Kamampuh Nyarita (Drama)

Ieu instrumén téh mangrupa padoman ngajén kamampuh nyarita. Instrumén ieu téh digunakeun dua kali anu fungsina salaku alat tés. Tés anu ka hiji nya éta pratés, Siswa dibéré pedaran materi ngeunaan Ragam hormat boh keur sorangan boh keur batur. Sabada pratés, Siswa dikelompokkeun jadi opat urang. Unggal kelompok dibéré pancén nyieun drama temana bébas tuluy diperankeun di hareup kelas.

Aya sababaraha kriteria ngajén kamampuh siswa dina nyarita (drama). Kriteria anu dijadikeun patokan nya éta aspék basa, kedaling (éksprési), jeung eusi. Padoman ngajén anu salengkepna baris diformat saperti nieu di handap.

Tabel 3.1

KRITERIA NGAJÉN KAMAMPUH DINA NYARITA (DRAMA)

NGARAN KELOMPOK :.....

Aspék Anu diajén	Skala Peunteun					Skor
	9	8	7	6	5	
A. Basa						
1. Ucapan (artikulasi)						
2. Lentong (tekanan, wirahma, randegan)						
3. Ragam hormat (ka sorangan, loma, ka batur)						
B. Kedaling (éksprési)						
1. Ngajiwaan Watek/peran						
2. Réngkak/peta						
C. Eusi						
1. Ngajiwaan eusi						
2. nafsirkeun eusi						

Jumlah						
--------	--	--	--	--	--	--

Keterangan:

Skala peunteun 9 = Alus pisan

Skala peunteun 8 = Alus

Skala peunteun 7 = Cukup

Skala peunteun 6 = Kurang

Skala peunteun 5 = Gagal

(Sudjana, 1991:77)

A. Basa

1) Ucapan (artikulasi)

Aspék nu dipeunteunna nya éta jelas henteuna jeung luyu henteuna ngucapkeun fonem. Skala peunteunna nya éta saperti kieu:

9 = foném jelas, serasi, teu aya kasalahan-kasalahan.

8 = ucapan siswa ampir teu aya kasalahan, ngadeukeutan sampurna.

7 = aya saeutik kasalahan artikulasi, tapi masih bisa ditarima.

6 = kasalahan artikulasi sering jeung jelas ngaganggu

5 = loba pisan kasalahan artikulasi.

2) Lentong

Dina ieu aspék anu dipeunteun nya éta jelas henteuna lentong sarta luyu henteuna tekanan, wirahma, jeung randegan dina mawakeun atawa ngadialogkeun carita.

9 = lentong jelas, serasi, jeung teu aya kasalahan-kasalahan.

8 = lentong siswa ampir teu aya kasalahan, ngadeukeutan sampurna.

7 = aya saeutik kasalahan lentong, tapi masih bisa ditarima.

6 = kasalahan lentong sering jeung jelas ngaganggu

5 = loba pisan kasalahan lentong.

3) Ragam Hormat

Dina ieu aspék anu dipeunteun nya éta luyu henteuna basa anu digunakeun dina nyarita (nu nyarita, nu diajak nyarita, jeung nu dicaritakeun) dina mawakeun atawa ngadialogkeun carita.

9 = basa luyu digunakeun pikeun nu nyarita, nu diajak nyarita jeung nu dicaritakeun..

8 = basa nu dicaritakeun siswa ampir teu aya kasalahan, ngadeukeutan sampurna.

7 = aya saeutik kasalahan basa, tapi masih bisa ditarima.

6 = kasalahan basa sering jeung jelas ngaganggu

5 = loba pisan kasalahan dina maké basa.

B. Kedaling (éksprési)

1) Ngajiwaan watek

Aspék anu dipeunteun nya éta kamampuh siswa dina ngaéta kamampuh siswa dina ngaéksprésikeun wataek atawa karakter tokoh anu diperankeunana.

9 = dina ngajiwaan watek palaku anu diperankeun geus alus, karakter tokoh geus bisa dibawakeun kalawan lancar.

8 = penjiwaan siswa ngadeukeutan sampurna.

7 = aya saeutik kasalahan penjiwaan watek tokoh ku siswa kana karakter sabenerna.

6 = kasalahan penjiwaan mindeng jeung ngaganggu.

5 = loba pisan kasalahan dina ngajiwaan watek tokoh anu diperankeun.

2) Réngkak/peta

Anu dipeunteun dina ieu aspék nya éta luwes henteuna, wajar henteuna jeung cocog henteuna réngkak/peta jeung carita anu diperankeun.

9 = gerak awak geus luwes, henteu kaleuleuwihan, matak kataji jeung pengaturanana geus pas.

8 = pengaturan réngkak awak geus alus, ampir teu aya kasalahan.

7 = réngkak/peta awak kurang luwes, tapi ma,sih bisa ditarima.

6 = réngkak/peta awak kaleuleuwihan kurang luwes jeung ngaganggu.

5 = réngkak/peta awak henteu pas kana dialog jeung karakter tokoh anu diperankeun

C. Eusi

1) Ngajiwaan Eusi

Anu dipeunteun dina ieu aspék nya éta kamampuh siswa dina ngajiwaan eusi carita. Hal ieu bisa kagambar dina mawakeun/merankeun carita.

9 = dina ngajiwaan eusi geus alus

8 = penjiwaan eusi ngadeukeutan sampurna

7 = aya saeutik kasalahan tapi masih bisa ditarima

6 = mindeng salah jeung ngaganggu

5 = loba pisan kasalahan

2) Napsirkeun Eusi

Anu dipeunteun nya éta kamampuh siswa dina napsirkeun eusi carita. Hal ieu bakal kagambar dina mawakaeun/merankeun carita.

9 = dina napsirkeun eusi geus alus

8 = napsirkeun eusi ngadeukeutan sampurna

7 = aya saeutik kasalahan tapi masih bisa ditarima

6 = mindeng salah jeung ngaganggu

5 = loba pisan kasalahan

b. Pedoman observasi pembelajaran pikeun ngajén aktivitas siswa salila kalibet dina pembelajaran anu ngagunakeun metode sosiodrama. Ku téhnik ieu ogé bisa kanyahoan kumaha prosésna ngagunakeun basa sunda ragam hormat maké metode sosiodrama.

a. Kurikulum, mangrupa acuan dina ngalaksanakeun pembelajaran.

3.1.5 Tehnik Ngumpulkeun Data

Data anu di kumpulkeun dina ieu panalungtikan téh nya éta hasil tés anu di lakukeun ku guru basa Sunda, data hasil penilaian proses pembelajaran, jeung data hasil pratés jeung pascatés.

1) Observasi

Observasi mangrupa kagiatan utama dina téhnik panalungtikan.

Nurutkeun Karl Wick, observasi téh salaku “pamilihan, parobahan, nyatet

jeung ngodean saruntuyan paripolah jeung situasi anu patalina jeung organisme in situ, saluyu jeung tujuan-tujuan émpiris”. Tina éta définisi, bisa ngalahirkeun tujuh karakteristik observasi: pamilihan (selection), parobahan (provocation), pencatatan (recording), pengkodean (encoding), saruntuyan paripolah jeung suasana (test of behavior and setting) in situ jeung tujuan empiris. Observasi ngabogaan fungsi pikeun ngajéntrékeun jeung ngarinci gejala nu aya.

2) Méré Tugas

Siswa ditugaskeun merankeun palaku dina carita anu geus didiskusikeun.

3) Uji Coba

Uji coba di dieu maksudna nya éta uji coba pembelajaran kamampuh ngagunakeun basa Sunda ragam hormat ngaliwatan métode sosiodrama.

4) Tés

Téhnik tés digunakeun dua kali nya éta pratés jeung pascatés pembelajaran. Pratés digunakeun pikeun mikanyaho kamampuh nyarita siswa saméméh kagiatan diajar, sedengkeun pascatés digunakeun pikeun mikanyaho kamampuh siswa sanggeus kagiatan diajar. Ku cara ngabandingkeun hasil tés di awal jeung di ahir, bakal kanyahoan éféktivitas pembelajaran anu dilaksanakeun jeung hasil pembelajaran anu dihontal ku siswa.

3.1.6 Téhnik Ngolah Data

Sanggeus data hasil panalungtikan bisa dikumpulkeun, saterusna dilaksanakeun kagiatan ngolah data, anu ngawengku sababaraha kagiatan saperti ieu di handap.

Kagiatan kahiji, ngalaksanakeun verivikasi data. Kagiatan ieu téh maksudna pikeu nyeleksi lengkep henteuna data anu dikumpulkeun.

Kagiatan kadua, ngalaksanakeun analisis data hasil observasi pembelajaran. Kagiatan ieu téh maksudna pikeu nyeleksi lengkep henteuna data anu dikumpulkeun.

Kagiatan kadua, ngalaksanakeun analisis data hasil observasi pembelajaran. Kagiatan ieu téh dilaksanakeun pikeun mikanyaho kumaha partisipasi siswa salila pembelajaran lumangsung ogé pikeun mikanyaho kumaha prosesna kamampuh ngagunakeun basa Sunda ragam hormat kalawan ngagunakeun metode sosiodrama.

Kagiatan katilu, méré skor/peunteun ka siswa kana data hasil tés awal (prates) jeung tés ahir (pascatés).

Kagiatan kaopat, ngadéskripsikeun jeung napsirkeun data luyu jeung tujuan husus panalungtikan, nya éta hayang ngadéskripsikeun:

1. Ngadéskripsikeun kamampuh siswa SMA Pasundan 3 Bandung Kelas XI, ngeunaan tatakrama basa Sunda.
2. Mikanyaho tingkat efektifitas metode sosiodrama dina pangajaran tatakrama basa Sunda di SMA Pasundan 3 Bandung kelas XI.

3.1.7 Prosedur Panalungtikan

Dina raraga ieu panalungtikan, aya sawatara tahapan kagiatan anu kudu dipilampah, nya éta tahap tatahar, ngumpulkeun data, ngolah data jeung nyusun laporan.

1. Tatahar

- a. Nyodorkeun proposal panalungtikan,
- b. Ngayakeun Seminar,
- c. Nyusun rarancang panalungtikan,
- d. Ngayakeun studi pustaka,
- e. Nangtukeun sumber data,
- f. Konsultasi jeung Dosen pembimbing.

2. Ngumpulkeun Data

- a. Ngayakeun observasi
- b. Ngayakeun pratés jeung pascatés kamampuh ngagunakeun ragam hormat ngaliwatan métode sosiodrama
- c. Konsultasi jeung Dosen pembimbing.

3. Ngolah Data

- a. Mariksa sakabéh data nu geus dikumpulkeun,
- b. Nganalisis data nu geus dikumpulkeun,
- c. Ngajén kamampuh siswa dina ngagunakeun ragam hormat
- d. Ngadéskripsikeun data hasila panalungtikan,
- e. Nyieun hasil panalungtikan,

f. Konsultasi jeung dosén pembimbing.

4. Nyusun Laporan Hasil Panalungtikan

Nyusun laporan hasil panalungtikan mangrupa hasil ahir dina ieu panalungtikan. Dina ieu kagiatan téh disusun laporan anu nagwengku rancang panalungtikan, bébéran téori, métode panalungtikan bahasan, jeung kacindekkan panalungtikan. Kagiatan nyusun laporan diaping ku Dosen pembimbing anu geus ditangtukeun. Hasil tina ieu téh ngawujud dina wangun Skripsi.

